## Өзбекстан Республикасының Ғәрезсизлигине 25 жыл

# ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЕМИСЛЕРИ ЯМАСА ЖОҚАРЫ РУЎХЫЙЛЫҚ ҲӘМ ӨЗЛИГИМИЗДИ ТИКЛЕЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Ж.Б.Базарбаев** - *академик*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Халқымыз Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 25 жыллық мерекесин мүнәсип белгилеўге ҳәр тәреплеме таярланып атырған пайытта ҳәр бир пуқара, ғәрезсизлик бизге қандай әҳмийетли жетискенликлерди келтирди, бурын биз қандай аўҳалда едик, ҳәзир қандай табысларға еристик деген сораўды қойып көтериңкилик руўхта жасап атыр. Өйткени, биз жигирма бес жыл ишинде дүнья жүзи таң қалғандай экономиклық, социаллық, сиясий табысларға еристик. Өзбекстан мәмлекети дүньяда өзиниң орнын ийелеп, дүньялық мәселелерди шешиўде алда турып, ҳүрметке ерисип, өзиниң жаңа тарийхын жаратпақта. Халқымыздың турмысы бурынғыға салыстырғанда бир неше есе жақсыланбақта. Елимиз абадан ҳәм пәраўан өмирге жол алды. Усы қысқа ўақыт ишинде сиясий ғәрезсизлигимизди қолға алдық, өзимиздиң мәмлекетшилигимизге ийе болдық, ишки ҳәм сыртқы сиясатымызды дүньяның мақуллаўына еристик, демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыўдың жолын белгиледик. Биз барлық байлықларымызға өзимиз ийемиз, айдын келешегимизди белгилеп алдық. Экономикамыздың өсиў пәтин көтердик. Елимизде миллетлер аралық татыўлық, динлер аралық кеңпейиллик қатнаслар беккемленип, Өзбекстан бирден–бир ўатан деген уран астында елимиздиң тыныш-татыў, аўызбиршиликте жасаўына еристик. Бизиң ең үлкен тарийхый жетискенлигимиздиң тағы бир ибратлы тәрепи - 25 жыл ишинде халқымыздың санасезимин оятып, келешекке исенимин күшейтип, руўхый дүньямызды тикледик.

Адамзат тарийхында адам күш-қуўаты қайдан алынды деген сораў әзелден киятырған мәселе болып, онда руўхыйлықтың теңи-тайы жоқ әҳмийетин жоқары баҳалаған ҳүрметли биринши Президентимиз И.Каримов ҳәр сапары «Мәнәўият- инсан ҳәм халықтың, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң уллы байлығы. Мәнәўиятсыз ҳеш қашан жеңис, табыс, мийрим-шәпәәт, бахыт-саадат болмайды» деп тастыйықлайды.

Бизиң усы муқаддес байлығымыз совет дәўиринде жаўыз күшлер тәрепинен аяқ асты болды. Себеби, И.А.Каримовтың: «Дүньядағы зорлыққа бейим жаўыз күшлер қайсы бир халық яки мәмлекетти өзине бас ийдирип бойсындырмақшы, оның байлықларын ийелемекши болса, ең дәслеп оны қуралсызландырыўға, яғный оның ең уллы байлығы болған миллий қәдириятлары, тарийхы, мәнәўиятынан айырыўға урынады. Буның тастыйқланыўын узақ ҳәм жақын өтмиштеги көп-көп мысаллардан анық кориў мүмкин» дегенинде, буннан 25 жыл бурын руўхый байлығымызға болған зорабанлықты есте туткан еди. Шынында да, советлер системасы, инсанияттың өмиринде оның әҳмийетин түсинип, өзине бағынышлы елатлардың руўхый байлығын басып таслаў арқалы оның халқының аўызбиршилигин бузып, қой аўзынан шөп алмайтуғын, не айтса да көне беретуғын аламанлар топарына айландырыўға умтылды.

Усындай қатнас есабынан руўхый жақтан езилип, ийни түсиўшиликке берилген адамлар ҳәмме нәрсеге бийпәрўа болып қарады. Мәмлекетлик иске «базарға барсам нетер, ырғалсам күним өтер» деген принципте болды. Себеби, басшылықта бәршени теңдей көриў принципи иске асты. Ҳәммениң шашын бир тарақ пенен алыў, билимли де, надан да, уста да, олақ та - ҳәммеси тең баҳаланғанлықтан, адамлардың интасы раўажланбады. Ақыллының, уқыплының озып шығыўына жол қойылмады. Нәтийжеде адамлар байлық не, жарлылық не екенлигин билмей «қарным тойса, курбан ҳайт» деп жасады. Солай етип, бәршени теңлестириў сиясаты ҳәммени теңдей ҳәм руўхый, ҳәм материаллық жарлылыққа алып келди. Адамларда «Жарлылық деген жақсы екен, жатып ишер ас болса» деген психология қәлиплести.

Елимизде көп инженерлер таярланды. Бирақ, олар өндиристи жақсылаўда айтарлықтай бир нәрсе ислей алмады. Мысалы, алты қойдың терисинен таярланатуғын дубленка тонын ислеў қолымыздан келмеди. Мектепке жүдә керек порды, Порлы таўларымыз болса да, Белоруссиядан алып келдик. Буларды ислеўге кирискенде жоқарыдан «тоқтат» деген буйрық болып қолымыз суўый берди. Себеби, жоқары «Сәл шыдап тур, жақында социализм курып, коммунизмге өтемиз» деп алдап, адамлардың диңкесин қурытты. Мал сақлап не қыласаң, өзимиз сүт-қатық пенен тәмийинлеймиз. Үй қапталында баўбақшылықтың не кереги бар? Өзимиз ҳәммесин әкелемиз деп адамларды сағымға талпындырды. Жаңадан қурылған совхозлардағы кетектей жайлардың дөгерегинде я бир дарақ, ямаса бир бақша, болмаса бир мөңиреген малы көринбейтуғын, адам қарағысыз шөлистанға уқсайтуғын мәканларда жасадық. Сараттанның ыссысында пахта атызларында ямаса көшелерде болып, бирде-бир саялайтуғын дарақлар болмады. Үйлердиң босағасына дейин пахта атызына айланды. Оның үстине жазда пахтаның жапырағын тез түсириў ушын самолёт пенен дәрилеп, адамларды зәҳәрдиң астында қалдырыў үлкен трагедия еди. Бул жөнинде И.Юсупов*:*

***Пахтадан ақ алтын алыў қастында,***
***Зәҳәр шашқан самолёттың астында,***
***Баўыры аўырып ыңырсыр балалар,***
***Жолда өлип атқан тоғайлар қалар. -***

деп сүўретлегенде сол заманда буларға наразылық билдирген айырым шахсты орынсыз жазалаўлар күтетуғынлығын айтпақшы болды. «Усы адам көбирек билип баратыр деп халық ишинен шыққан озық ойлылар»ды «чеканкалаў» халықтың кеўлин қабартты. Оның динин қуўдалады, тилин, әдебиятын, мәдениятын коммунизм жолына бағдарлап өзлигинен шетлетти. Миллети, салт-дәстүрлери аяққа басылып, оның орнына «совет халқы» деген «тарийхый бирликтиң» дәстүрлерин пайда етип, миллетлердиң менталитетин бузыўға тырысты.

Халқымызды бундай психологиялық ҳәм руўхый езиўден, идеологиялық қысымнан қутқарған Өзбекстан Республикасының ғәрезсизлиги болды. Себеби, Ғәрезсизлик тийкарында адамлардың санасына таза самаллардың епкини кирди. Олар өзлериниң бурын ким болғанын түсинди. Халық ғәрезсизликтиң шарапаты менен Өзбекстанның келешегине, жарқын жолына, оның әдиллигине исенди.

Халықтың мәнәўиятын көтерип, өзлигин тиклеген еркин ҳәм пәраўан турмысқа еристирген тунғыш Президентимиз И.Каримовтың басшылығында халық руўхый жақтан көтерилди. Биз тарийхта ҳеш кимнен кем болмағанбыз, еле де ҳеш кимнен кем болмаймыз, деген Журтбасшымыздың уранына қосылды.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында-ақ адамлардың санасын тәрбиялаўда Ел басшымыз тәрепинен жарыққа шыққан миллий идея, миллий идеология ҳәм жоқары мәнәўият өлшемлерин халқымыз шын жүректен қабыл етип, күнделикли ислерде басшылыққа алыўы-мәмлекетимиздиң тарийхый жеңиси болды. Елимиз ғәрезсизлигиниң барлық табысларының тийкарғы дәреги инсан саналығының көтерилиўи, миллий идеяның дөретиўшилик жемиси-руўхый дүньямыздың күшли жоқарылаўының нәтийжеси есапланады. Сондай-ақ, өткен әсирдиң 80-жылларынан басланған Арал дағдарысынан ийни түсип, абыржыған қарақалпақ халқының кеўлин көтерип оны келешекке исендирген И.Каримовтың даналық ис-ҳәрекетлери елдиң турақлылығын беккемлеўде ҳәм алға исеним менен умтылыўда үлкен роль атқарды. Сол жыллары Қарақалпақстандағы экологиялық апатшылықты «тихий Чернобыль» деп атап, бул елди СССРдың басқа аймақларына (мысалы, Уссурский үлкесине) көширилсе пайдалы болады. Өйткени, ХХI әсирдиң басында ол аймақта бирден-бир дени саў адам табылмайды деген қәўиплер туўылды. Буған ғәзепленген уллы шайырымыз И.Юсупов 1998-жылы жазған «Бул жер еле зор болады» деген қосығында:

***Қәўетер бар Қарақалпақлар,***
***Көп узамай көшер деген,***
***Оқыдым бир газетадан,***
***Ғамқоршымыз көп-аў, тоба***
***Айтыўынша, көшсек буннан,***
***Жаңа қоныс жаққа қарай,***

***Аралға суў апарғаннан,***
***Анағурлым арзан екен,***
***Еринбестен есаплапты,***
***Буған қалай шек қоясаң,***
***Шотын қолдан жулып алып,***
***Ҳәсcений бир деп қоясаң…***

деп жүргенде И.Каримов халкымызды бул қәўетерден қутқарып, Арал бойы халықларының келешеги айдын екенлигине исендирди. Ол 1998–жылы Мойнақ районына келип, халықты келешегине исендирип, адамлардың санасына үлкен өзгерис киргизди. Оның мийримли ҳәм адамыйлық қатнасықларының халыққа жаққанлығынан оны қарақалпақлар өз перзенти деп есаплады.

Буннан кейин Арал мәселелери бойынша И.Каримовтың пидайылығы оның 2010 - жылы БМШ ның жоқары минберинен турып Арал мәселелерине дүнья жүзиниң дыққатын тағы бир мәрте қаратыўы ҳәм БМШ бас секретары Пан Ги Мун менен Қарақалпақстанға, Мойнаққа келиўи тарийхый ўақыя ҳәм мәмлекетлик ғамқорлық еди.

Биринши Президентимиздиң «БМШ ның минберинде турып Арал мәселеси ҳаққында сөйлегенимде, Сизлер-қарақалпақлар мениң көз алдымда турдыңыз, Сизлерди еследим, себеби, Арал ушын гүрес-Қарақалпақстан ушын гүрес. Керек болса, ол ушын жанымды бериўге таярман» деген сөзиниң күдиретли күши халықтың руўхын көтерип, үлкен дөретиўшилик ислерге атланды. Нәтийжеде, халқымыз ҳәзирги дәўирде Арал кризисиниң тәсирине кеўил аўдармай, ўатанымыздың гүллениўи ушын бир сапта турып үлкен табысларға ериспекте. Буның мысалы қала ҳәм аўыллар келбетиниң өзгериўи, оларда заман талапларына жуўап беретуғын инфраструктураның пайда болыўы, елимиздеги мүлик ийелериниң табыслары десек дурыс болады.

Сондай-ақ, Өзбекстанның жақын жыллар ишинде дүньяда экономикалық «жолбарыс»қа айланыўы, халық абаданлығы, елимизден бурын көрилмеген дәрежеде спорт бойынша дүнья чемпионларының шығыўы буның айқын дәлийли.

Биринши Президентимиздиң елимизди жоқары мәнәўиятқа шақырыўы - миллий идеяның әҳмийетиниң көтерилиўине, руўхый дүньямыздың қүдиретли күшке айланыўына алып келди. Нәтийжеде, Ислам Каримов айтқан «Жоқары мәнәўиятқа ийе болған жәмийет, мәмлекет, инсан ҳеш кимге бағынышлы болмайды. Өзиниң ким екенлигин толық түсинген, ҳеш кимнен кем емеслигин билген халықтың келешеги жарқын» деген идея әмелге асып, мәмлекетимиз дүнья жәмийетшилигинен мүнәсип орын алды ҳәм өз тәғдирин өз қолы менен дүзип, жайнап-жасап бармақта.

Демек, елимиздеги 25 жыл ишиндеги уллы табыслар, жетискенликлер Биринши Президентимиз бас болған миллий идеяның күши, жоқары мәнәўияттың әжайып көриниси болып, олар келешекте Өзбекстанның раўажланған еллердиң қатарына қосылыўының гиреўи, пәраўан, еркин турмысының тийкары болып есапланады.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ БАСЛЫ БАҒДАРЛАРЫ

**К.Алламбергенов** - *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мустақиллик ва бадиий адабиёт, сиёсий-ижтимоий, маънавий, иқтисодий турмушимиздаги ўзгаришлар, ман қилинган мавзуларнинг ёритилиши, миллий мустақиллик ғоялари, қорақалпақ-эпик поэзияси асосий йўналишлари, наср ва драматургия жанрлари, шакл ва бадиий изланишлар.

**Ключевые слова:** независимость и художественная литература, социально-политический, изменения в духовной и экономической жизни, освещение запрещённых тем, идеи национальной независимости, основные направления каракалпакской лиро-эпической поэзии, жанры, прозы и драматургии, форма и художественные изыскания

**Key words:** independence and a bells-letter style, social-political, changes in spiritual and economical life, writing interdicted themes, ideas of national independence, main trends of Karakalpak lyro-epic poetry, genres of prose and study of drama, form, artistic searches.

ХХ әсирдиң 90-жылларының басында бурынғы СССР деп аталмыш мәмлекетлик дүзим аймағында ҳәтте, пүткил дүньяда үлкен сиясий өзгерислер жүз берди. Социализмниң жер жүзилик системасы ыдырап, оның ҳақыйқый ҳәм түпкиликли ўатаны болған СССР да өзин-өзи тарқатыў жөнелисин биротала жуўмақлады. Енди баяғы буйрықпазлық, ҳәкимшилик басқарыў усыллары, улыўма алғанда, коммунистлик идеология өмир сүриў мүмкиншиликлерине ийе бола алмай қалды. Оның орнына пүткил дүньяда демократиялық жөнелислер ен жайып, миллетлердиң өзин-өзи таныўы, инсан ҳуқықы, көп партиялылық, пикирлер еркинлиги, президентлик басқарыў, мәмлекетлик ғәрезсизлик, бийғәрез мәмлекетлердиң дослық аўқамы, базар қатнасықлары усаған жаңа қубылыслар күннен-күнге ҳәўиж алып раўажлана баслады.

Бул жағдайлардың бәри Өзбекстан Республикасының, оның қурамындағы Қарақалпақстанның да өз алдына ғәрезсиз мәмлекет болып бөлинип шығыўына алып келди. Солай етип, 1991-жылы 1-сентябрьде Өзбекстан өз алдына ғәрезсиз мәмлекет деп дағазаланды. Ғәрезсизлик Өзбекстанның дүньяның көплеген еллери менен дипломатиялық байланыслар дүзиўине, БМШқа, басқа да халықаралық экономикалық, сиясий-социаллық, әскерий шөлкемлерге ағза болыўына, сырт ел инвестициясын енгизиў арқалы дүньядағы раўажланған мәмлекетлер менен экономикалық байланыслар дүзиўге, солай етип, адамгершиликке тийкарланған ҳуқықый-демократиялық, пуқаралық жәмийетин қурыўға кең мүмкиншиликлер ашып берди.

Сиясий-жәмийетлик, экономикалық турмысымыздағы бул өзгерислер бизиң руўхый-мәдений өмиримизге де сезилерлик дәрежеде тәсир жасады. Әсиресе, ең тәсиршең тараў болған әдебият-мәдeният сыяқлы идеологиялық салалар үлкен өзгерислерге ушырады. Әдебият идеялық мазмуны жағынан миллий ғәрезсизлик идеялары руўхында жаңаланыўға қарай бағыт ала баслады. Бир сөз бенен айтқанда, әдебият, көркем өнер идеологияластырыў, сиясатқа бағындырыў иллетлеринен биротала тазартылды, енди ол бурынғыдай бир партияға, яки болмаса белгили бир классқа хызмет етиўши емес, ал пүткил халықтың, пүткил инсаниияттың мәплери ушын толғанатуғын, еркин метод тийкарында шығармалар дөрететуғын, пүткил инсаныйлық адамгершилик мәселелерине үн қосатуғын, ҳақыйқый демократиялық принциплерге тийкарланған миллий ғәрезсизлик идеяларын жырлаўшы бийғәрез ўатанның бийғәрез әдебиятына айланыў жолына қарай бет бурды.

Қарақалпақ жазыўшылары ғәрезсизликтиң биринши күнлеринен баслап қадаған етип тасланған темаларды халыққа көркем етип ашып бериў мәселесине батыл қол ура баслады, әдебиятта, көркем публицистикада тоталитар жәмийет тусында «халық душпаны» сыпатында жазықсыз қамалып кеткен, яки ўатанын илажсыз тәрк етип, басқа журтларға бас паналаўға мәжбүр болған, бирақ, халық, миллет мәпи ушын жан пидә қылған адамлар тәғдири ҳаққында дәслепки шығармалар пайда болды. Гейпара шығармаларда халық тарийхына жаңаша көз жүўыртыў бағыты айқын сезилип турды. Заманагөй темада пайда болған шығармаларда да жаңа дәўирдиң епкини мәлим дәрежеде көринис тапты.

Бул жаңаланыў дәўиринде әдебияты дөгерегинде өз ўақтында ҳәм ҳәзир де қызғын дискуссиялар ҳәм көзқараслар билдирилмекте. Биринши Президентимиз И.А.Каримов өзиниң Өзбекстан жазыўшыларына билдирген «Әдебиятқа итибар – мәнәўиятқа, келешекке итибар» деп аталған пикир, усыныcларында «Тоталитар дүзим дәўиринде ҳуждан азабын ким көбирек тартқан десе, мен удайы бул өмирдиң мазмун-мағанасы, инсанның қәдир-қымбаты, ел-журт тәғдири ҳаққында қайғырып жасайтуғын адамлар ҳәм олардың алдыңғы қатарында болған дөретиўшилик ийелери деп айтқан болар едим» деген еди.

Ҳақыйқатында да, өз дәўириниң аўыр жарақатларын ҳәм халықтың шеккен зәҳметлерин биринширлерден болып өзине қабыл еткен жанкүйер жазыўшы-шайырларымыз дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығын әдебияттың орайында туратуғын қаҳарман проблемасына сиңдирип жиберди. Солай етип, көркем әдебият, соның ишинде лирика биринширлерден болып өзиниң бас мақсети – ел-журт дәрти менен жасап атырған инсанның ҳақыйқый кәмил образын жаратыўға киристи.

Өткен әсирдиң 80-жылларының ақыры 90-жылларында қарақалпақ лирикасы да биз жоқарыда сөз еткен дәўирдиң машқалаларына тереңарласып, «ашшы толғақ»ты басынан кеширди ҳәм ҳақ сөзди айта алатуғын лирикалық қаҳарманларды «дүньяға келтирди». Шайырлардың шығармаларында халықтың социаллық турмысын тез ҳәм дәл жеткерип бериўде лириканың ең жаўынгер жанры деп есапланған публицистикалық лирика өзиниң өмир ҳәдийселерине ҳәзир жуўаплылығы ҳәм қолайлылығы менен көзге түсти. Нәтийжеде бул дәўирдеги лирикада публицистикалық сыпат күшейди, күнделикли турмыстың ашшы ҳақыйқатлықларын сәўлелендириў тенденциясы тереңлести. Бул қубылыс бир тутас қарақалпақ поэзиясында, соның ишинде усы дәўир поэзиясында жетекшиликти өз қолына алған И.Юсуповтың дөретиўшилигинде де айқын көрине баслады.

Шайыр шығармаларында миллий ояныў дәўири идеялары көбирек лирикалық қаҳарманның жәмийеттеги этикалық ҳәм моральлық-психологиялық климатқа көзқарасы формасында бериледи. Бунда өткен дәўирдиң инсан психологиясына тийгизген унамсыз тәсирлери, этикалық дүньясында қалдырған қыңыр-қыйсық излери, адамлардағы әдеп-икрамлылық нормаларының турпайы түрде бузылыў жағдайларына лирикалық «мен»ниң белсенди мүнәсибетин көрсетиўде көбирек лирико-публицистикалық усыллардан пайдаланыўдың үстин болып барыўы, турмыс ҳақыйқатлығын көркем шынлыққа айландырыўда трагик картиналарға, документаллыққа мүрәжәт етиўдиң күшейгенлиги байқалады.

И.Юсуповтың публицистикалық лирикадағы бул лирик қаҳарман образын жаратыў дәстүри усы жылларда оның избасарлары болған К.Кәримов, Х.Дәўлетназаров, Ш.Аяповлардың лирикалық ҳәм эпикалық поэзиясында өзинше айрықша бир поэтикалық усылларда шеберлик пенен даўам еттирилди. Буның айқын мысалы сыпатында К.Кәримовтың «Аралдан келдим» топламындағы публицистикалық қосықлары менен «Жарадар сакуралар» поэмасының Х.Дәўлетназаровтың «Кимлигиңди яд ет!», «Халық халықлығын етпек керек», «Мениң жүрегимде жанбақта заман», «Ғәрип-Ашық, Шахсәнемлер қаяқта?», сыяқлы бир қатар қосықлары менен «Ийесиз журт» поэмасының, Ш.Аяповтың «Жан ҳалаты» поэмасының руўхыятына сер салыўдың өзи жеткиликли.

Ғәрезсизликтиң руўхый дүньямызға, миллий-эстетикалық санамызға тийгизген тәсирин соңғы он жыллықлардағы ҳаял-қыз жазыўшылар дөретиўшилигиндеги өсиўшиликтен де көриўге болады. Мысалы, ғәрезсизликтен алдыңғы жылларда ҳаял-қыз жазыўшылар дегенде Б.Бекниязова, Г.Есемуратова, Г.Шамуратова деп бир-еки исимди зорға таўып айтар едик. Ғәрезсизлик жылларында болса ҳаял-қыз жазыўшыларымыздың үлкен руўхый күшке айланғаны ҳеш кимге сыр емес. Буның бир айқын мысалы сыпатында көркем әдебият майданында пидәкерлик пенен мийнет етип киятырған Гүлайша Есемуратова, Сарыгүл Баҳадырова, Гүлистан Матякупова, Нәбийра Төрешова, Бийбайша Аймуҳамедова, Дәўлетбийке Шерниязова, Гүлайым Турсынова, Пәтийма Мырзабаева, Минайхан Жуманазарова, Гүлистан Дәўлетова, Гүлнара Нурлепесова, Гүлнара Ибрагимова, Бийбиажар Нурназарова, Шәригүл Пайзуллаева, Алтынгул Өтениязова усаған ҳаял-қыз жазыўшыларымызды атап өтиўимиз мүмкин.

Биринши Президентимиз И.А.Каримовтың «Ең уллы мәртлик-мәнәўий мәртлик» деп атап көрсеткениндей, бул ҳаял-қыз жазыўшыларымыз, ҳақыйқатында да, уллы мәртлик майданында пидәйы дөретиўшилик мийнет етип атырған әжайып инсанлар. Олардың мәртлиги, әлбетте, жай бирден көзге тасланбайды. Оны көз бенен көрип емес, жүрек пенен сезинип билиў керек. Бул ушын олардың руўхыятының айнасы болған көркем дөретпелериниң «жүрек липилине» қулақ түрген мақсетке муўапық келеди. Бул орында биз биринши гезекте ғәрезсизлик жылларында пидәкерлик пенен мийнет етип атырған бир дүркин ҳаял-қыз жазыўшыларымыздың ишинде Гүлистан Матякупова, Нәбийра Төрешова, Пәтийма Мырзабаева, Минайхан Жуманазарова, Гүлистан Дәўлетова ҳәм